

OU GEN DWA

Tout moun Ozetazini, kit yo sitwayen oswa yo pa sitwayen, gen dwa sou Konstitisyon Ameriken an ak lòt lwa.



Ou gen dwa pou refize bay imigrasyon oswa lapolis pèmisyon pou fouye ou, fouye nan machin ou, oswa nan kay ou.



Ou gen dwa pou pale ak yon avoka avan ou reponn nenpòt kesyon. Ou kapab di, "M ap rete an silans jiskaske mwen pale ak yon avoka."




“ Se dwa mwen pou mwen rete an silans ”

Ou gen dwa pou rete an silans. Si ou vle egzèse dwa sa a, se pou ou di yo sa fò.



Ou pa bezwen siyen okenn bagay ou pa konprann.



Si ou pa yon sitwayen ameriken, ou gen dwa pou rele konsila peyi ou. Imigrasyon ak lapolis sipoze kite konsila ou vizite ou oswa pale ak ou.



Se dwa ou pou yo ba ou yon kopi tout papyè imigrasyon ou.

Sèvis manm: 800-551-3225

Anyè legal nan iAmerica: <https://iamerica.org/legal-help/>

32BJ SEIU